ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№61 (22.219) • 2012 гъэм мэлыжьхьым (апрелым) и 7, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adygeale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЗэуІуу щыхоплъэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Премьер-министр Гъертер Иван республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэІуцІэр мэлыжьхьым и 5-м пригъэкІыжкІаш. Абы Іуэхугъуэ 40-м щигъум щыхэплъащ.

ЗЭХЫХЬМ Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр щыхалъхьащ, министерствэхэм кьата хьыбархэм щедЗуащ, «Къэрал концерт гъэльэгъуапІэ» щэнхабзэ къэрал бюджет Іуэхущапіэ кьыщызэрагъэпэщащ, ТекІуэныгъэ Иным и махуэм зэрызыхуагъэхьэзырынур щагъэбелджылащ, «Мэшыкьуэ-2012» кавказпсо, «Селигер-2012» урысейпсо щІалэгъуалэ егъэджэныгъэ зэІуцІэхэм ди лЫкІуэхэр зэрыхэтынум щытепсэлъыхьащ.

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Аэрэт** зэхьыхьэм щызэпкърихащ Къэбэрдей-Балькъэрым и нэгъабэрей республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрихьуар. Абы кьызэригъэльэгъуамкІэ, зэи гугъу тщІа зэманым кьрыбыдэу республикэм и бюджетым сом мелард 21-рэ мелуан 853-рэ мин 840,9-рэ хуэзэщІагъэуІуащ. Ар зытращыхьауэ щытам и процент 94,3-рэ мэхъу. ХэщІхэмкІэ кьапэщытар сом мелард 22-рэ мелуан 279-рэ мин 339,5-кІэ ягъэзэщІащ. Федеральнэ бюджетым щыщу сом мелард 14-рэ мелуан 447-рэ кьэІэрыхьащ. Правительствэм и гъэпІлыагъэ фондым еІуэ мелуан 55,3-рэ кьагъэсэбэпащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, зытрауха сом зы мелардрэ мелуан 412-м и пІэкІэ мелуан 425-рэ хущыщІэу республикэ бюджетыр гъэзэщІа хьуащ.

- Налогхэмрэ абыхэм щымыщхэмрэ кьапэкІуэм ипэ ягъ ильэсым ельытауэ кІэрыхуащ. Ахэр псори зэхэту сом меларди 7-рэ мелуан 406-рэ мэхъу; мелуан 748-рэ кьытЗэрымыхьэу кьэнащ. Республикэ бюджетым и процент 95-р налог ІэужьыгъуплІым хуоэз. Кьапщтэмэ, процент 36-р акцизхэм (сом меларди 2,5-рэ), процент 27-р цІыхухэм кьаІэрыхьэм техьэ налогым (сом зы мелардрэ мелуан 900-рэ), процент 21-р Іуэхущапіэхэм я хэхъуэм хуэзэ налогым (сом зы мелардрэ мелуан 400-рэ), процент 11-м щигъур мылькум техьэ налогым (сом мелуан 786-рэ) кьапэкІуащ. Адрей процентиІ 5-р нэгъуащІ налогхэмрэ кьыхахэмрэ кьыззрагъэпэщащ, - жиІащ министрым.

Кьэпсэльам кьызэригъэльэгъуамкІэ, республикэ бюджетым и хэщІхэмкІэ зытрауха уэ щытар процент 89,8-кІэ ягъэзэщІащ. Зэщхьащхьауэ кьапщтэмэ, егъэджэныгъэмкІэ кьапэщытар процент 24-кІэ, льэпкъ экономикэмкІэ - процент 22-кІэ, социальнэ политикэмкІэ - процент 17-кІэ, узыншагъэр хьумэнымкІэ - процент 13-кІэ, льэпкъ шынагъэуэншагъэмрэ хабзэхьэмэхэм я ІуэхущафэхэхэмкІэ - процент 7,6-кІэ бюджет зэхуакуэ трансфертхэмкІэ планыр процент 5,2-кІэ зэфІагъэкІащ. А Іуэхугъуэхэм сом мелард 22-рэ мелуан 279-рэ хухахащ.

- Отчет льэхъэнэм кьрыбыдэу республикэм и къэрал кІуэцІ щыхуэр сом зы мелардрэ мелуан 854-рэ хьуащ. Абы щыщу мелардрэ мелуан 300-р банк кредитщ, мелуан 554-р бюджет щыхуэщ. Бюджет зэхуакуу трансфертхэмкІэ кьытпэщытар сом мелардрэ зы пщІанэкІэ е процент 97,6-кІэ дгъэзэщІащ. Кьалэ округхэмрэ муниципалнэ районхэмрэ сом зы мелардрэ мелуан 88-р дотацие яхуэхтхащ, жылагъуэхэм мелуани 28,8-рэ еттащ, къэрал капитальнэ хэльхьэнигъэр сом мелардри 2-рэ мелуан 784-рэ мэхъу, - кьыхигъэщащ Бышэн Аэрэт.

Тепсэльыхьа нэужь, Правительствэм и Іэтащхьэм кьыхилхьхьри, отчетыр кьащтащ.

Апхуэдэу зэхьыхьэм щедэІуащ Къэбэрдей-Балькъэрым фІэкІыпІэ зимыІэу медицинэ страховании эмкІэ и щыналъэ фондым и нэгъабэрей бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ а Іэнатіэм и унафэщІ **Кьанокьуэ Аслъэнбэч** жиІам. Абы кьызэригъэльэгъуамкІэ, хэхъуэхэмкІэ кьапэщытар сом мелардри 3-рэ мелуан 424-рэ мин 919,2-кІэ, хэщІхэмкІэ - мелардри 3-рэ мелуан 252-рэ мин 717,8-кІэ ягъэзэщІащ. Ар зэрыщэхІэльыкІуэм хуэдэу процент 99-рэ, процент 96,9-рэ мэхъу. Налог хэхъуэхэр сом мелуан 400-рэ мин 252,4-м нэсащ, фондым и бюджетым страховой взносу мелуан 384-рэ мин 287,6-рэ халъхьащ. Налогым щымыщу хэхьуэу сом мелуан 40-рэ мин 203,4-рэ зэщІагъэуІуащ.

КъБР-м и бюджетым кьыхэкІыу бюджет зэхуакуу трансферту сом зы мелардрэ мелуан 302-рэ мин 831,2-рэ, Федеральнэ фондым еІуэ мелардрэ мелуан 683-рэ мин 445,1-рэ кьыдатащ. Щыналъэ программэхэр гъэзэщІэным мелуан 807-рэ мин 572,6-рэ, участкэ дохутырхэм улахуэ папщІэу мелуани 113-рэ мин 492,9-рэ сабий зеиншэхэмрэ щытыкІэ гугъум кьихуэта ныбжьыщІэхэмрэ еІэзэным мелуани 6-рэ мин 884,4-рэ, Іэнатіэ Іут щыхуэхэм щхьэхуэу мастэ яхэлъхьэным мелуани 9-рэ мин 391,1-рэ, узынщагъэр хьумэным и Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным мелуан 859-рэ мин 597-рэ, иджырей хьыбарегъащІэ Іэмалхэр медицинэ Іуэхущапіэхэм щызэтеухуэным мелуан 42-рэ мин 979,9-рэ, медицинэм и Іэнатіэхэм я мылыку-техникэ льабжьэр зыщІэрыщІэным мелуан 477-рэ мин 724-рэ яхуэхтхащ, - жиІащ Кьанокьуэ Аслъэнбэч.

2011 гъэм щыналъэ фондым и бюджетыр зэрагъэзэщІам зэхуэсахэр арэзы техьащ.

ФинансхэмкІэ министр Бышэн Аэрэт кьыхилхьхьри, республикэ бюджетым и хьэкІэ-щхьэкІэ зыдэлэжьыныгъэр ягъэбелджылащ. Ахэр щыху 27-рэ мэхъу.

НэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм щыхэплъа зэІуцІэм зэрыщІагъэкъуэнум теухуа унафэ.

Сирием щыщ студентхэм ядоІэпыкъу

КъБР-м и Правительствэм мэлыжьхьым и 5-м кьыщтащ Сирие Хьэрыр Республикэм щыщу Къэбэрдей-Балькъэрым щеджэ студентхэу зи унагьуэхэр зауэ зэпэщІэтыным кьыхэхутахэм мылькуКІэ зэрызыщІагъэкъуэнум теухуа унафэ.

РЕСПУБЛИКЭ бюджетым и хьэкъкІэ, а Іуэхум сом зы мелуанрэ мин 345,6-рэ хухахьнущ. Сирием щыщ студент 85-м дэтхэнэми сом 15831-рэ иратынущ.

Фигу кьэдгъэкІыжьащи, Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэ Кьанокьуэ Арсен мазае кІуам студент 88-м ядэІэпыкьуауэ щытащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

● АПК

Махуэ 15 - 20 дэкІмэ

Къэбэрдей-Балькъэрым гъатхасэм щыщІадзащ. Нобэ пригъэкІыу къэкІыгъэ пасэхэм я жылэхэр гектар мини 5-м хагъэзэгъащ. Илъэс кУэдкІэ къызыпыкІэ жыгхэр хасэ, пхъэщхьэмыщхьэ, мэракІуэ хадэхэр зыхуэй хуагъаазэ.

ПСОРИ зэхэту гъатхасэр гектар мин 230-м щрагъэкІуэкІынущ. Абы щыщу гектар мини 119,5-р гъавапхъэ, джэшхэкІ кьэкІыгъэхэм хухахынущ.

Бжьыхьэсэр гектар мин 70-м щызэрахьэ. Абы и процент 95-м хъарзынэу заужь. Мы зэманым хьэсэхэр ягъэпшэр.

Нобэ республикэм и губгъуэхэм трактор мини 3-м щІигъу, нэгъуэщІ мэкъумэш техникэу мини 2,5-м нэблагъэ щолажь.

Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэшыщІэхэм кьапэщытщ бавгыр и лъабжьэу гъавэу кьалэжьым хагъэхъуэну. ЗэрытраухуамкІэ, мы гъэм гъавэу тонн мин 750-м нэблагъэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэу тонн мин 87-рэ, хадэхэкІыу тонн мин 380-м нэс, кІэртІофу тонн мин 250-рэ кьрахьэлІэжьынущ.

Дунейр уэфІуэрэ екІуэкІмэ, махуэ 15 - 20-м кьриубыдэу гъатхасэр зэфІагъэкІынущ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мэлыжьхьым и 6-м *№136-рп*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыналъэм жэщми махуэми хуабэ зэрыщыхьум кьыхэжьы:

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и кьалэ округхэм, муниципальнэ куейхэм я щыпІэ администрацэхэм чэнджэщ яритын хуейщ 2011/2012 гъэхэм я гъэпІлыагъэ зэманыр, щыІэ хабзэм тету, 2012 гъэм мэлыжьхьым и 9-м яухыну.

2. Кьэру имыІэжу кьэлытэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м кьыдигъэкІа Унафэ №568-рп-м.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныр и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ Кулиев М. А.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

■ ЗэІуцІэхэр ■ Уафэгъуагъуэ макъ ■ Іуэху щхьэпэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Зэпеуэ

ЕгъэджакІуэ нэхъыфІхэр

«2012 гъэм и егъэджакІуэ» урысейпсо зэпеуэм и щыналъэ Іыхьэ Налшык щыкІэрыгъэхэр щыкІыгъэхэр кьрикІуахэр иджыблагъэ наІуэ къэхьащ.

ТЕКІУАХЭР щагъэлъапІэ зэІуцІэр кьызэІуихащ Налшык щыкІэрыгъэхэр щыкІыгъэхэр и къэдзэ Дол Анжелэ икІи кьыхигъэщащ егъэджакІуэм гъащІэм щиуфыбыд мыхьэнэр зэрыгиныр. «Гимназие №4-м щыкІуэ Іэ зэпеуэр егъэджакІуэхэм я мызакъуэуи, къэпщытакІуэ гупым я дежкІи гъэунэхуныгъэшхуэт, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, гугъут зэчий зыбгъэдэлъ, гукІи псэкІи зи лэжьыгъэм пэрыт, сабийхэми адэ-анэхэми бгъэдыхьэкІэ тэмэм кьахуэзыгъуэтыуфІ Іэщ-ІагъэлІ нэсхэм фІым и фІыжьыр кьаІэпхьыну», - жиІащ Дол Анжелэ.

Зэпеуэм хэтахэм псалъэ гуапэкІэ зыхуаГъэзащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Гуляевэ Валентинэ, ЕгъэджэныгъэмкІэ кьалэ департаментым и унафэщІым и кьуэдзэхэу Борчаев Камалрэ Сотниковэ Маринэрэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм и лэжьаКІуэхэм я профсоюзым и кьалэ комитетым и унафэщІ Уэздджыр Татьанэ сымэ.

Зэпеуэм щытекІуаэр кьыхахащ унэтІныныгъипІкІэ: «Школым и егъэджакІуэ», «Школым и класс унафэщІ», «Программэм хэмыт дерсхэмкІэ сабийхэм ядэлажьэ егъэджакІуэ», «УнафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьуэдзэ» «Школым и класс унафэщІ» унэтІныныгъэм пашэ щыхьуащ курыт еджапІэ №6-м нэмыцэбзэмкІэ и егъэджакІуэ Тетуевэ Любовь, «Школым и егъэджакІуэ» Іыхьэм кьыщыхэжаныкІащ лицей №2-м информатикэмкІэ щезыгъаджэ Малининэ Еленэ, программэм хэмыт дерсхэр езыгъэдж егъэджакІуэхэм кьыщыгъагъащ гимназие №1-м щыІэ «Кляксы» ИЗО-студием и унафэщІ Чомаевэ Ирин, школ унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьуэдзэ нэхъыфІу кьалытащ Коскинэ Ирин (курыт школ №9). Нэгъабэ екІуэкІа зэпеуэм щытекІуахэу Джэдгъэф Зулэ, Созаевэ Зухра, Горностаев Игорь сымэ я лэжьэгъуэхэм гуапэу екъуэхьащ икІи саугъэтхэр ирратащ.

«ЕгъэджакІуэ-къэхутакІуэ» щІэр фІащащ курыт школ №20-м информатикэмкІэ щезыгъаджэ ЛІуп Мариванэ, «ЕгъэджакІуэ-акъылыфІэу» кьалытащ курыт школ №2-м тхыдэмкІэ и егъэджакІуэ Хьубий Анжеликэ, «Гуманитарнэ гъэджэныгъэ кІуэу» ябжащ курыт школ №5-м макъамэмкІэ и егъэджакІуэ Хьэжнэгъуей Тамарэ.

Зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым зэпымыууэ яхэт, «Советская молодежь» газетым и корреспондент Урыс Гульнарэ зэхъэхуэм и лауреатхэм хэмбар ярихъэпІащ я газетым Іэ зэрыхуІадгъакІэ. Зэпеуэм хэта псоми сертификатрэ саугъэтрэ яритащ нэгъабэ абы бжьыпэр щызыбыда Джэдгъэф Зулэ.

- Мыпхуэдэ зэхьыхьэм мыхьэнэшхуэ и Іэш егъэджакІуэм и Іэщ Іагъэм хигъэхьэныкІэ, зэчий зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэр утыку кьыхэнэныкІэ, - жиІащ ЕгъэджэныгъэмкІэ кьалэ департаментым и унафэщІ Мэлбахьуэ Тимур. - Абы кьыхэкІыу «Илъэсым и егъэджакІуэ» зэпеуэм зиужьныкІэ абы хэтхэм я бжьыгъэм кьыхэхъуэныкІэ дэ тхузэфІэкІ кьэдгъэнэнукьым».

БЕКУЗАР Ю.гъ.

● Дзюдо

Хьэбэчыр Мурат Европэм и Кубокыр къехь

Европэм и Кубокыр кьэхьыным теухауэ щІыхубзхэмрэ щІыхухъухэмрэ дзюдомкІэ я зэхьэзэхуэ Боснием и Герцоговинэрэ я кьалащхьэ Сараеэ щекІуэкІащ. Абы ди лъахэгъу Хьэбэчыр Мурат дыщэ медаль кьыщихьащ.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 26 - 29-м Челябинск щекІуэкІыну Европэм и чемпионатым хэтыныхэр кьыщыхах а зэпеуэм дзюдоистэ нэхъыфІу 300 хэтащ.

Хьэбэчыр Мурат зыхиубыдэ килограмм 81-рэ зи хьэлъагъэм бэнакІуэ 35-рэ щызэныкъуэкъуащ. Хьэрхуэрэгъуэгъуэ лъэщІми, ди щІалэм зэІущІипІкІыр кьихьащ. Ялэ уфІэм щыщІэбэн кІэух зэпеуэм ЕшІР-м и икІа Пщымахуэ Арсен щыхигъащІэри, ТекІуэныгъэр зыІэригъэхьащ.

Хьэбэчырыр тренер Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэнщ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Паспортрэ лъэІу тхылърэ фІэкІа яІыгъынукьым

● ЩІэ

Ди республикэм и кьалащхьэ Налшык мэлыжьхьым и 6-м кьыщыхэІуахащ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуэхэм щыхуагъэзащІэ центрыщІэ.

ГУФІЭГЪУЭ щыкІэм иту къызэгъэпэща хъуа Іуэхугъуэм кьрихьэлІащ Къэбэрдей- Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Унафэщ Іэу Чеченов Ануарэр Гертер Иванрэ, республикэм и министерствэ зэмылІэужьыгъуэхэм я Іэтащхьэхэр, журналистхэр, ирагъэблагъэхэр.

Ленті пльыжьыр иризэпаупщІын папщІэ, адыгэ фащэкІэ зэщІуухэпыкІа щауэмрэ пщащэмрэ хьэщІэхэм лэныстхэр Іэщ Іатхьащ. Центрым и унафэщІ Ахьмэт Юрэ Іэнатіэм и пэщхэр кьызэхуасахэм яригъэльэгъуащ, я упщІэхэм жэуап яритащ.

Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван нэхъ зыщІэупщІахэм ящыщщ паспортрэ лъэІу тхылърэ фІэкІа ямыІыгъыу я деж кьеКІуаІэ щІыхуэхэм зэрадэІэпыкъуну щыкІэм. КьызэІуах центрым и лэжьакІуэхэм зыжьэу зэдыжьаІаш апхуэдизкІэ я Іуэхуэхэр дагъэпсынщІэну сыт и пъэныкъуэкІи зэрыхуэхъэзырыр.

Іуэху зиІэ щыхуэхэм дяпэкІи мы Іуэхущапіэм зыкъыхуагъаІэмэ, зыхуей тхылъхэр тыншу щыхуагъэхьэзырынущ, нэхъапэхэм ахэр зэщІикъуэн папщІэ зыІууэу щыта гугъуехьхэмэ хэтыжьынкъым. Унэм и пэшхэр Іэхунтльэхуитщ, иджырей Іэмэпсымэщ ІэхэмкІэ уэздащ, тІысыпІэ тыншхэр иІэщ, езы лэжьакІуэхэри Іэдэбщ.

Центрым щІыхуэхэм яхунгъэзэщІну Іуэхугъэхьэзэхэм хеубыдэ мылтыку зэхэущытыкІэхэр убзыхуныр, хьэрычэт мащІэмрэ кьрытымрэ ядэІэпыкъунырэ, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр гъэзэщІэныр, лэжьапІэнщэхэр Іэнатіэмкі кьызэгъэпэщыныр, къэралым зэрыщыпсэумкІэ щыхьэт тхьытхъэр кьыдэхьныр, нэгъэщІэнри. Псори зэхэту ахэр 95-рэ мэхъу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.
Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ *ейщ.*

● Къэрал щхьэхуит?

Мали и щыхьэр щыналъэхэм зыкъыщызыІэта «Азавадыр щхьэхуит къэщІыжьынымкІэ лъэпкъ зэпыщхьеенныгъэм» (НДОА) и зэуакІуэхэм къагъэувыщ Азавад щыналъэр къэрал щхьэхуэу. Ар туарегхэр ижь-ижьыж льапдзрэ щыпсэу щІыналъэщ.

- Нобэ щыщІэдзауэ Азавадыр официальнэу къэралыгъуэ щхьэхуитщ. Ар хуит къэщІыжьынымкІэ зэхуэ нэхъыщхьэ псоми дэдыщтекІуащ, - жиІащ дыгъуасэ Азавадым и Іэтащхьэ Аттахер Мусса.

Азавадым и гъунапкъэхэр убзыхуа хьэзырщ, гъунэгъу къэралхэм ар щыкІэ едаэркъым, нобэ щыІэ гъунапкъэхэр кьелъыгъ.

Гъатхэпэм и 22-м Мали и дзэм зыкъыкІэту, тетыгъэр капитан Саногэ Амаду иубыда нэужь, туарегхэр я щхьэхуитныгъэм нэхъ хэхъуауэ щІэбэн хуащ. 1960 гъэм Мали къэрал щхьэхуэ щыхьум, а льэпкъым и жьІэр зыуи кьрадзатэкъым. Нобэ абыхэм ящыдыжащ я Тамбукту, Гао, Кидаль кьалэщхуэхэр.

Капитан Саногэ Амаду хамэ къэралхэм йольэІу зауэ хуэІухуэщІэкІэ кьыдэІэпыкъуну.

● И щэхум хегъахьуэ

Дыгъуасэ Чили и властым унафэ кьыщтащ Урысейм гуэдзыр кьыщыщэхунырэ куэдкІэ нэхъ тынш ищІу.

- Абы Урысейм и гуэдзыр Чили яІэн папщІэ хьэрычэтыщІэхэр фитосанитарнэ сертификат фІэкІа хуэныкъуэкъым, абы щІигъуауэ щытыр щхьэ декларацэр Іуахыжащ, - жеІэ «Росмэкъумэш надзорым» и федеральнэ Іуэхущапіэм и унафэщІ Данкверт Сергей.

Чилим кьыщащта унафэм дыгъуасэ кьару игъэтащ. А Іуэхуэхэр нэхъ тынш щІынымкІэ льэныкъуэитІым зэгурыІуэну яхуэзэфІэкІащ «Росмэкъумэш надзорымрэ» Чили и мэкъумэш Іэнатіэм Іэщ гъэхъуэнымкІэ и Іуэхущапіэмрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьхьым и 7, щэбэт

¨ 1948 гъэм кьызэрагъэпэщащ Узышагъэр хьумэнымкІэ дунейпсо организацэр (ВОЗ).

¨ **Урысейм и Интернетыр (РУнет) щауха махуэщ**

¨ **Урал Курыкым и льэпкъхэм я махуэщ**

¨ Илъэс 50 ирикъуащ Москва и «Домодедово» аэропортыр.

¨ 1927 гъэм Америкэм и физик Айвс Г. дунейм щыяпэу игъэльэгъащ видеотелефон, Нью-Йорк езыр щыІуу и тепльэр Вашингтон иригъэхьри.

Дунейм и щытыкІэнур «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриттыкІэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 18 - 19, жэщым градусиІ 7 - 14 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 35-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 99-м.

Хьэуам и псыІагъэр кьитІэсэнущ процент 48 - 73-м.

Мэлыжьхьым и 8, тхьэмахуэ

¨ **Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

¨ **Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ**

¨ **Урысей Федерацэм и ПВО-м и махуэщ**

Дунейм и щытыкІэнур «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриттыкІэ, Налшык мащІэу уэшх кьыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 17 - 20, жэщым градусиІ 7 - 12 щыІэнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 34-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 41-м.

Хьэуам и псыІагъэр кьитІэсэнущ процент 44 - 86-м.

Мэлыжьхьым и 9, бгыщхьэ

¨ 2003 гъэм Иракым Саддам Хьусейн и тетыгъэм кІэ щрата, США-мрэ Инджыльызымрэ я дзэм Багдад щаубыда махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур «meteonovosti.ru» сайтым кьызэриттыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 23 - 25, жэщым градусиІ 12 - 14 щыІэнущ. Жэщым мащІэу уэшх кьешхынкІэ хьунущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 32-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 42-м.

Хьэуам и псыІагъэр кьитІэсэнущ процент 36 - 83-м.

Плащэгъэ зыльхьэзэмрэ ГЪУЩІО Зарифи.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Уи Іуэху гъэфІи Іэфі уащыхъунщ.

● Террорым пэщІэтыжкІэ лъэпкъ комитетым къет

БзаджащІитІ яукІащ

2012 гъэм мэлыжьхьым и 5 - 6-хэм хабзэхъуэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм Налшык кьалэ Мусукаевым и цІэкІэ щыІэ уэрамым республикэм щызэуэ бандэ гуным жыджэру хэт бзаджащІитІ щаукІащ. Ахэр мэлыжьхьым и 5-м сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 30-м Налшык кьалэжкІэ УМВД-м и ОУР-м и оперуполномоченнэ полицым и лейтенантым теуахэщ.

ПОЛИЦЭМ и офицерым сэ уІэгъэ хьэлъэхэр игъэутами, и табель Іэщэр тезыхьну хэта щІэпхъаджащІэхэм япэувын, КъБР-мкІэ МВД-м и плъыр частым хьыбар яригъэщІэн хуэфІэкІащ. ЩІыпІэм нэса хабзэхъумэхэм лейтенантыр сымаджэщым яшащ.

Сыхьэт зыбжанэ дэкІауэ, бзаджащІэхэм я хэщІапІэр кьахутащ. Бандэ гуным ящыщ щІэпхъаджащІэхэм язым и граждан щхьэгъуэз уэндэгъуэ мафІэсгъэнкІыфІ техникэр кьагъэсэбэпри, ещанэ кьатым и балконымкІэ кьыщІашащ. Езыхэм зыкъатын ямыдзу, кьаруэхьэ кьулыкъуэм и лэжьакІуэхэм гранатэ зыбжанэ кьрадзри, щІэпхъуэжьыну хэтащ. А зэпэувыныгъэм ахэр щаукІащ. ЦІыху мамырхэм лей зытехьа яхэтхьэм.

БзаджащІэхэм языр 1989 гъэм кьалъуэ Пщыгъэуш Албэч Мухьэмэд и къуэрщ. ЕтІуанэр 1992 гъэм кьалъуэ Ксанаев Аэзмэт Кьайсын и къуэрщ. Абыхэм террор хьэгъэщагъэхэр республикэм щалэжьыну загъэхьэзырт.

Журналистхэм зэрылажьэр зэхуаIуатэ

● Іуэху щхьэпэ

КъБР-м муниципальнэ газетхэм я щытыкIэмрэ ахэр егъэфIэкIуэныкIэ хэкIыпIэхэмрэ яджьблагъэ щытепсэтыхьыжьащ Шэрдэн муниципальнэ районым и щыналъэ адміністрацэм и унэу Къэщокъэтау поселкэм дэтым. Район, къаIэ псомк я газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр къызэрихьэлIа зэIуцIэр ныгъэкIащ КъБР-м Щыхубэ хьыбарегъащIэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым и Шэрдэн Къумахуэ Мухьэдин.

ЗЭIУЩIЭМ апхуэдэу хэтащ Шэрдэн муниципальнэ районым и щыналъэ адміністрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махъты, -Урысейм и пощтфедеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Шурдым Іэсиет, «Тетраграф» акционер зэгуэныгъэ зэIухам и унафэщI Шакъ Елбэрд, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэ Мэзыкъэ Борис, КъБР-м Щыхубэ хьыбарегъащIэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщым и къуэдзэ Хьэгуарэ Джамилэ сымэ.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэхэмкIэ захуигъаазэри, Темиржанов Махъты ахэр районым и социально-экономикэ зыужьынныгъэм, адэкIэ ятэжьынхуэм щыгъуазэ ищIащ.

«Мы зэманым муниципальнэ жылагъуэ-политикэ газетхэм мыхьэнэщхуэ яIэщ, сыту жыпIэмэ ахэр щыхуэм нэхъ ятепщIыхьмэ, ар икъукIэ щыкIущ. КъаIэ, район псомкIи щыкIыдзкI газетхэм я тиражыр мин 35-м нэблагъэ ирагъэ.

Абы и лъэныкъуэкIэ я Іуэхур нэхъ тэмэму къэпльытэ хъунущ «Баксанский вестник», «Майские новости», «Терек-1», «Зольские вести» газетхэм. Тиражыр нэхъыбэ ящIын папщIэ абыхэм Іэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэп: газетым унагъуэхэм зэрахьыщIын пэкIуэ уасэр хэмыту Іэ тиражыдзэ, рекламэ тхыгъэхэр, хъыбарегъащIэхэр, хъуэхъуэхэр куэду къагъэсэбэп.

ЗэIуцIэм хэтахэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ газетхэр пощтым и лэжьакIуэхэм зэрызэбграхым, пощтымрэ редакцэхэмрэ хэхъуэхэр зэрызэдагъэушым. Районхэм я нэхъыбэм исхэм ящыщу газетым Іэнатіэ зэрыгъэсыхьэ ахэр и эманым зэрелэрымыкъым кьыхэкIы. Пощтзехьэхэмэ я лэжьапIэр зэрымащIэр щхьэусыгъуэу къагъуэ, «Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Іуэхущапэм и къудамэм - КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Шурдым Іэсиет зэрыгъэкIуэкIащ КъБР-м Щыхубэ хьыбарегъащIэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщым и къуэдзэ Хьэгуарэ Джамилэ сымэ.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэхэмкIэ захуигъаазэри, Темиржанов Махъты ахэр районым и социально-экономикэ зыужьынныгъэм, адэкIэ ятэжьынхуэм щыгъуазэ ищIащ.

«Мы зэманым муниципальнэ газетхэм я щытыкIэмрэ ахэр егъэфIэкIуэныкIэ хэкIыпIэхэмрэ яджьблагъэ щытепсэтыхьащ Шэрдэн муниципальнэ районым и щыналъэ адміністрацэм и унэу Къэщокъэтау поселкэм дэтым. Район, къаIэ псомк я газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэр къызэрихьэлIа зэIуцIэр ныгъэкIащ КъБР-м Щыхубэ хьыбарегъащIэ Іэнатіэхэмкіэ и къэрал комитетым и Шэрдэн Къумахуэ Мухьэдин.

«Тетраграф» акционер зэгуэныгъэ зэIухам и унафэщI Шакъ Елбэрд тепсэлъыхьащ газетхэр егъэфIэкIуэныгъэ хуэзыгъэгъуэтыным хуэзыгъэгъуэтыным щIэуэ зэхальхьэм. Апхуэдэу абы жиIащ пощтзехьэхэм я Іэнатіэ ткIийуэ зэрыкIэтыныгъэр.

«Тетраграф» акционер зэгуэныгъэ зэIухам и унафэщI Шакъ Елбэрд тепсэлъыхьащ газетхэр егъэфIэкIуэныгъэ хуэзыгъэгъуэтыным хуэзыгъэгъуэтыным щIэуэ зэхальхьэм. Апхуэдэу абы жиIащ пощтзехьэхэм я Іэнатіэ ткIийуэ зэрыкIэтыныгъэр.

Хэщ-махуэ ищIэрэкъым Анатолэ, и деж абы Іуэхур зыгъэ кьыбгъэдыхьамэ, абы и Іуэхур нэсу зэфIимыгъэкIуэ псэхуэгъуэ иIэнутэкъым. Апхуэдэу щылажьэ пэшым зы пщэдджькъ гъэрым щIыхьауэ и телефоныр кьеуащ. Кьеплсалъэ щыхуэбзыр лыаIуэр и щалэ заокъум и уэзыр щхьэщихьну.

А махуэм зэфIахын хуей Іуэхуэхэм техуэхуэу и лэжьэгъум унафэ хуищIри, сымаджкэм я деж кIуэну екъащ. Гугъэзэвэгъэуэ зи псэм тель щыхубзыр уэрамащхьэм тетт абы кьежьэу.

Сымаджэм нихьэсыпауэ кьыпфIэщIыт, апхуэдизкIэ хьэлъэти. Анатолэ абы и лъынтхуэр, и гум и лэжьэкIэр кьипщытащ, кьеуэзыр кьищIа нужь, зыхуеину хущхьуэзэр ирихьэлIэн щIидзащ.

- Умыгуэавэ, ущIэшынэн щыIэкъым, махуэ зыщыплIкIэ кьызэфIэувжьынущ, - жриIащ абы анэм.

Абы щыгъуэ Анатолэ нэху щыху унэм екIуэлIэжакъым, зыбжанэрэ тригъаззэрэ сымаджэм мастэ хиIущ. Гугъу здригъэхьащ, елIэлIащ абы дохутырыр икIи, зэрыкIиам хуэдэу, куэд дэмыкIыжу. Ауэ ар кьызэфIэувжащ. «Сэ Анатолэ кьыхсчуимыщIа фIыгъуэ щыIэкъым. Си кьуэр ажалым кьыIэщIихащ, жей имыIэу, щхьэм имыщIу ешэащ ар абы. Си гуапэт а щыху дыщэр псоми яцIыхуну. Эвышагъэ быдэ иIэу, и мурадхэр кьехьулIэу, нэхъыфIу щыIэмкIэ Тхъэр кьыхуэупсэу дунеи дахэм тетыну сохъуэхъу», - апхуэдэ фIыщIэ тхыгъэ кьигъэнат зи быныр ягъэхъужа анэм.

Мис апхуэдэ фIыщIэхэрщ дохутырым и лэжьыгъэм кьыпэкIуэ нэхъ пщIэ льагъдыдэр. Щытхъу псалъэу Анатолэ нобэр кьыздэсым хуэжьар мащIэкъым, Урыху щыщIлэжьыр ягъэхъужа абы зыгъэхьыгъэуэт Іэщагъэгъэ нэсу, нобэми кьуажьдэсхэм ар гуапэу ягу кьагъэкIыж.

1964 гъэм АфIэунэр Налшык щыIэ Республикэ сымаджэщым ординатору ягъэкIуащ. ИлъэсиплIкIэ абы щылэжьа нужь, и кандидат лэжьыгъэр Ленинград дэт медицинэ институтым щыпхущIэкIащ. 1969 гъэм ар Республикэ сымаджэщым щмцIэрэ и кьудамэм и унафэщI хьуащ.

...Зы махуэм нэхърэ кьыкIэлыкIуэм си нэм зэрильагъум зэрыкIэрычым гу лыстат, ткIуаткIуэ гуэрхэр щIэгъаткIэ мыхьумэ, дохутырым и деж сынэмысыфуэр, узыр хэзгъэтIэсащ. Нобжь хьарзынэ сиIэми, си льэм сыхэрихьэрт, ауэ си нэм зэрильагъуэ кIэрыкуэ зэпытт, хуэм-хуэмурэ бащри Іэпэгъу схуэхъуащ. ГъащIэр сфIэмыIэфIыкIу, унэм сыкькIыщмыкIыкIу сыкъэнащ.

Нэ дохутыр щIэныгъэ Федоров Святослав и щIэр зэрихьэу Москва щыIэ клиникэм сыкIуэну мурад сщIауэ, си нобжьыгъэу гуэрым АфIэунэ Анатолэ и кьыбарыфI кьызжиIащ. Сытегушхэри, сыкIуащ АфIэунэм и деж. Сынэсыху си гум щыщым ущIэмыугъэ жьыхуиIращ. Эмэ си нэм дуней нэхур ирагъэльагъэжауэ си нэгу кьыщIыгогъэхэри, сыкъыпогуфIыкI, зэми зыри кьыхсуамыщIэфиху кьыхсщохуэри, сыкъыпогъыкI. Апхуэдэ гупсысхэм сахэтурэ дохутырым и деж дынэсэри. Щыху куэд щIэзэхэтт абы и бжэ щIыхьэпIэм деж. Дэтхэнэми езым и гуныкьуэгъэу иIэжщ, ауэ псори гугъэрт фIыкIэ. Сэри фIым сыщIигугъырт.

АфIэунэр кьызэпIна, си Іэхэур зыгетыр зригъэщIа нужь, нитIри операцэ иныщIу зэрымыхьэнур кьызжиIащ. Арати, сымаджэщым сыщIэгъуэльъащ, операцэ сыщащыну махуэм сыпэпльэу.

- Сэри уэ пэуэдэу мыбы тхъэмахуэ и пэкIэ сыкъашауэ щытащ, - жеIэ палатэм операцэ ящIауэ щIэль щIалэм, сызэрыгъэзавэм гу льитауэ.

- АтIэ дауэ хьуа? - соупщI сытемыпIэжу.

- Пльагъуркъэ зэрыхъуэр, Іэкъэ сыкьрашэжьыу щытати, ирджы гъусэ симыIэу унэм сыкIуэжьафнуу, - мэгуфIэ ар.

Къэсэщ операцэ сыщащыну махуэр. Операцэ щащI стIолым сытрагъэгъуэльъкъащ, си нэм мастэ кьызэрыхаIнур сщIэрти, быдзу зыскъуащ, зэрыуэнуным зыхуэгъэгъуэзэрыр. АрщхьэкIэ узыр зыхъэщIэркъым. АфIэунэ щабгу си нэм кьытеIэбэри жиIащ:

- Хьэмыскъэ уэ, Мухьэмэд, Тхъэм жиIэмэ, уи нэхэм дуней нэхур яльагъуу дгъэхъужынкъэ. Узмэ, занщIэу жьакIэ.

Анатолэ и псалъэм си гуръэ нэхэри щагъэбащIащ. Куэд дэмыкIыу зыхэсщIэу си Іэпкьльэпкъ псом хуабагъ гуэр кьыхьхьат. Ауэ нэхъ гъащIэгъуэныжькIэр щыхьэхэщIар нэхъ нужьыIуэкIэщ - зэман куэд щIауэ си нэхэр щызыгъэнкIыфIыкI щхьэ узыр, Іэкъэ страхам хуэдэу, зэуэ бззхат.

Тхъэмахуэ дэкIауэ АфIэунэм и деж сашащ.

- Дауэ ущыт, Мухьэмэд? - кьызоупщI Анатолэ. - Кьэтыысыт иджы мы нэхумкIэ, дегъэпльат уи нэхэм.

Аппарат гуэрым сыбгъэдгъэтIысхьэ, си натIэм кIэрыгъэпщIа бинт тIэкIур еIэтри, зыбжанэрэ кьызоупIэ.

- Псори тэмэмщ, - жеIэ сыкьызоупщI.

Щхьэгъубжэм сыIуешэри бинтыр Іуех.

- Пльэт мо жыгхэмкIэ, - кьызжеIэ абы.

- Уо-у-у, ди Тхъэ, сыт мы сльагъур, пэж хьэмэрэ пщыIэхьэпIэ, - сыкьыхокIиикI зысхуэмыIыгъажу...

Анатолэ зэрыплажьэ и льэсщ щ нькьыуэм кьриубыдэу сыт хуэдизу щыху абы сэ схуэдэу дуней дахэм я нэм щызу хиГъэпльэжар?!

... Дохутыр нэсым и щапхъэщ АфIэунэр. Абы и дэтхэнэ зы сымаджэмми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуэгъэуту, псалъэ гуапэкIэ и гур кьызэрригъэгъуэтыжу апхуэдэщ. «Узым гугъэдзыхэ щыхум и гущыIэгъэуцIыхуэ щыгъэнынгъэр кьыщIэгъэщхьэщIыжынщ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, гуГъэ зэптыжа щыхурщ узэрэбзэар сэбэп зыхуэхъур», - жеIэ Анатолэ.

АфIэунэр Іэжьыгъэм щыпэрыцэ махуэрэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувжкар и Іэщагъэм, щIэныгъэм хэгъэхьэунырщ, ахэр и Іэнатіэм кьыщигъэщIэгъэ Іэнатіэ щыщигъэсэбэпкIэрэ, зэрыхуэгъэфIэкIэ, щыхуэм зэрыкьыныр.

Сымаджэщым и лэжьакIуэхэм ящыщ зым АфIэунэм щхьэкIэ кьызжиIащ: «Анатолэ гукIэ кьопсалъэ, псэкIэ кьоIэзэ, Іэпэкlэ уегъэхъужи». Сэ жысIэну сызыхуэгъэ псори абы я псалъэ зыгIущымкIэ кьиуэтащ.

Фатимэ Бахъсэн кьалэм фIыуэ ирикIуэжащ. Пса хьалэм зиIэ, сымаджэхэм щхьэкIэ зи кьару емыблэж дохутыр гумызагъэуц ар псоми кьызэращIэр. Щэрданым и Іащагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и закъуэкьым и щIэр зыгъэIуар, атIэ ар икIи щыху гуапэр, хабзэ зыщIэ, нэмыс зыхэпсЫ бзыльыгъэщ. И Іуэху зехьэкIэ дахэмрэ и щыху хэтыкIэ екIумкIэ абы и лэжьэгъуэм я пщIэри кьыдэжащ.

- ФатIимэ техуэхуэу сэ фы фIэкIа схуэжьIэнукъым, - жеIэ лолитикэмкIэ №1-м и унафэщI Щэджнэ Мухьэмэд Хьацацэ. - Ар зи Іащагъэр фIыуэ зыпльагъу, абы хьарзынэу хэзыщIыкI дохутырщ. Абы и щыхьэгъэ и дж кьекIуэлIа сымаджэхэм кьыхуэжаIэ щытхъуэхэр, и лэжьэгъуэм пщIэ кьыхуащIу, фIыуэ кьалъагъуэ зэрыщIыр.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

БАХЪСЭНОКЪУЭ Мурэд.

Гукъыдэжьыр зэлъытар

● Нобэ Узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

1950 гъэм щегъэжьауэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапIэ. Апхуэдэ махуэ щIыхьахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытщхуэ хуэлъэдэкIыр щIыхьэгъэ я ягъуэгъуэныкIэ зэфIэхъыпхъэхэр убыхунырщ, ар егъэфIекIуэныкIэ зэфIэхъыпхъэхэр убыхунырщ.

УЗЫНШАГЪЭР хъумэныкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) и жэрдэмкIэ а махуэр щIыхуэр зыгъэгумэщI Іуэхугъэщхьэхэм трахуэу хабзэщIи щIыхьэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Льы щытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпкьыр», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и льабжьэщ», «ЩIыуэпсым кьыщцыхьу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпхэм узыншагъэр щыхъумэн», нэгъуэщIхэри. Мы гъэм а махуэр хуагъэпсащ жыыгъэм икIи «Узыншагъэ быдэм гъащIэм кьыщIэ» кьыхуеджэныгъэм щIэту йокIуэкI.

Дохутырхэм кьыхэратхэмкIэ, щIыхуэ и узыншагъэм тэмэму кIэльыпльыжмэ, жыыгъэр ильэс бжыгъэ гуэркIэ ІуигъэкIуэтыфIынущ. Узыншагъэр хъумэныкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIа кьэхуэгъныгъэхэм кьызэрагъэлъагъуэм-кIэ, щIы хъурейм тет цIыхуэхэр я ныбжькIэ зэщхьэщыхуэу ящIащтэмэ, бжыгъэкIэ нэхъыбэу щыгънар жьы хьуахэращ.

Жьыгъэр апхуэдэу псынщIэу щIыхуэхэм кьалъэмыгъэIэсын, ар зыхрамыгъэщIэн папщIэ ВОЗ-м кьыхелхьэ ныбжь зиIэ щIыхуэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэщIыпхъэу, жьыгаIуэ гъащIэм щкIуэкI Іуэхугъэхэм нэхъыбэрэ кьыхэщэн, я узыншагъэр ирагъэфIэкIуэным кьыхуеджэн хуейуэ.

ЦIыхуэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным теухуауэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр щыгъэфIах ди республикэм. Апхуэдэу илъэсищым нэблагъэуэ Налшык кьалэ щолажьэ Узыншагъэм и центр. Іуэхущапlэр «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым хэту кьызэIуахауэ щытащ. Ар цIыхуэхэр куэдрэ псэуным толажьэ, и кьалэн нэхъыщхьэри я узыншагъэм гулъытэ нэхъыбэ хуегъэщIыжынырщ, нэхъ зыхуэхакъыжу егъэсыныр. Центрым дэтхэнэ зыри и узыфэм теухуауэ дохутырым щепсэлъэфынущ, адэкIэ зыбгъэдыхьэну Іэщагъэлъэпхэр кьыщащIэфынущ, узыншэу псэунымкIэ чэнджэщхэр кьыщратынущ.

Центрым кьыщыпхуащIэнущ уи узыншагъэр зыхуэдэр, псалъэм папщIэ, уи льым холестерин хэтыр зэрыкьур, лы лей птель-темыльыр кьыщащыгъэфIагъуэ, щIыпIэ и узыншагъэр зэрыригъэфIэкIуэным теухуа программи щыпхузэхальхьэнущ.

Центрым и лэжьыгъэр тэмэму зэтеублагъэ екIуэкIын папщIэ, ар сыт и льэныкъуэкIи зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэрагъэпащIащ. Іуэхутхьэбзэхэри пщIэнущ.

ЦIыхуэ гъащIэм хуиIэну гукъыдэжьр нэхъыбэу зэльытыжар и узыншагъэращ. УзыншагъэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм псори кьыхуреджэ а Іуэхур Іэпэдэгъэзэгъэ ямыщIу зыкIэлъыплъыжыну.

ШХЬЭЩЭМЫЩIИ Из.

Нэм и плъыр

АфIэунэ Анатолэ и сабиигъуэм дихьэхауэ щытащ дохутыр Іэщагъэм икIи ар зэрызригъэгъуэтыным ерыщу хущIэкъуащ. Школым щыщIэса ильэсхэм биологиер, химиер нэхъ кууу зэрызригъэщIэным иужь итащ. Иужькъэ Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыIэ медициногъэ институтым щыщIэсами, щIэныгъэлIхэм кьыжраIэ псори фIэгъэщIэгъуэну, нэхъыбэ кьызэрригъэщIэным хуэпабгъэу еджащ. Псом хуэмыдэу ар дихьэхыпат хирургнем икIи абы теухуа лекцэхэр щекIуэкIыну зэманыр кьыхуэмыгъэсу пэпльэрт. Сымаджэщым практикэ щыIа нэужь, медицинэм и унэтIыныгъэхэм ящыщу хирургнер кьыхихьыну тегушхуэпащ.

АфIэунэ Анатолэ Осетие Ищхьэрэ-Аланием щыIэ медицинститутым кьиуха нэужь, Урыху кьуажэм дэт дохутыр участкэм и унафэщIу ягъэкIуащ. Зыпэрыува Іэнатіэм хэзэгъэкIынкIэ абы дэIэпыкьуэгъу кьыхуэхьэщащ ильэс бжыгъэ куэд хьуауэ абы щылажьэхэр, кьыхуэщъэпэжащ щIэныгъэм хуэнэхъуеинтIэу зэреджаг.

Жэщ-махуэ ищIэртэкъым Анатолэ, и деж абы Іуэхур зыгъэ кьыбгъэдыхьамэ, абы и Іуэхур нэсу зэфIимыгъэкIауэ псэхуэгъуэ иIэнутэкъым. Апхуэдэу щылажьэ пэшым зы пщэдджькъ гъэрым щIыхьауэ и телефоныр кьеуащ. Кьеплсалъэ щыхуэбзыр льаIуэр и щалэ заокъум и уэзыр щхьэщихьну.

А махуэм зэфIахын хуей Іуэхуэхэм техуэхуэу и лэжьэгъум унафэ хуищIри, сымаджкэм я деж кIуэну екъащ. Гугъэзэвэгъэуэ зи псэм тель щыхубзыр уэрамащхьэм тетт абы кьежьэу.

Сымаджэм нихьэсыпауэ кьыпфIэщIыт, апхуэдизкIэ хьэлъэти. Анатолэ абы и лъынтхуэр, и гум и лэжьэкIэр кьипщытащ, кьеуэзыр кьищIа нужь, зыхуеину хущхьуэзэр ирихьэлIэн щIидзащ.

- Умыгуэавэ, ущIэшынэн щыIэкъым, махуэ зыщыплIкIэ кьызэфIэувжьынущ, - жриIащ абы анэм.

Абы щыгъуэ Анатолэ нэху щыху унэм екIуэлIэжакъым, зыбжанэрэ тригъаззэрэ сымаджэм мастэ хиIущ. Гугъу здригъэхьащ, елIэлIащ абы дохутырыр икIи, зэрыкIиам хуэдэу, куэд дэмыкIыжу. Ауэ ар кьызэфIэувжащ. «Сэ Анатолэ кьыхсчуимыщIа фIыгъуэ щыIэкъым. Си кьуэр ажалым кьыIэщIихащ, жей имыIэу, щхьэм имыщIу ешэащ ар абы. Си гуапэт а щыху дыщэр псоми яцIыхуну. Эвышагъэ быдэ иIэу, и мурадхэр кьехьулIэу, нэхъыфIу щыIэмкIэ Тхъэр кьыхуэупсэу дунеи дахэм тетыну сохъуэхъу», - апхуэдэ фIыщIэ тхыгъэ кьигъэнат зи быныр ягъэхъужа анэм.

Мис апхуэдэ фIыщIэхэрщ дохутырым и лэжьыгъэм кьыпэкIуэ нэхъ пщIэ льагъдыдэр. Щытхъу псалъэу Анатолэ нобэр кьыздэсым хуэжьар мащIэкъым, Урыху щыщIлэжьыр ягъэхъужа абы зыгъэхьыгъэуэт Іэщагъэгъэ нэсу, нобэми кьуажьдэсхэм ар гуапэу ягу кьагъэкIыж.

1964 гъэм АфIэунэр Налшык щыIэ Республикэ сымаджэщым ординатору ягъэкIуащ. ИлъэсиплIкIэ абы щылэжьа нужь, и кандидат лэжьыгъэр Ленинград дэт медицинэ институтым щыпхущIэкIащ. 1969 гъэм ар Республикэ сымаджэщым щмцIэрэ и кьудамэм и унафэщI хьуащ.

...Зы махуэм нэхърэ кьыкIэлыкIуэм си нэм зэрильагъум зэрыкIэрычым гу лыстат, ткIуаткIуэ гуэрхэр щIэгъаткIэ мыхьумэ, дохутырым и деж сынэмысыфуэр, узыр хэзгъэтIэсащ. Ныбжь хьарзынэ сиIэми, си льэм сыхэрихьэрт, ауэ си нэм зэрильагъуэ кIэрыкуэ зэпытт, хуэм-хуэмурэ бащри Іэпэгъу схуэхъуащ. ГъащIэр сфIэмыIэфIыкIу, унэм сыкькIыщмыкIыкIу сыкъэнащ.

Нэ дохутыр щIэныгъэ Федоров Святослав и щIэр зэрихьэу Москва щыIэ клиникэм сыкIуэну мурад сщIауэ, си нобжьыгъэу гуэрым АфIэунэ Анатолэ и кьыбарыфI кьызжиIащ. Сытегушхэри, сыкIуащ АфIэунэм и деж. Сынэсыху си гум щыщым ущIэмыугъэ жьыхуиIращ. Эмэ си нэм дуней нэхур ирагъэльагъуэ си нэгу кьыщIыгогъэхэри, сыкъыпогуфIыкI, зэми зыри кьыхсуамыщIэфиху кьыхсщохуэри, сыкъыпогъыкI. Апхуэдэ гупсысхэм сахэтурэ дохутырым и деж дынэсэри. Щыху куэд щIэзэхэтт абы и бжэ щIыхьэпIэм деж. Дэтхэнэми езым и гуныкьуэгъэу иIэжщ, ауэ псори гугъэрт фIыкIэ. Сэри фIым сыщIигугъырт.

АфIэунэр кьызэпIна, си Іэхэур зыгетыр зригъэщIа нужь, нитIри операцэ иныщIу зэрымыхьэнур кьыхэжиIащ. Арати, сымаджэщым сыщIэгъуэльъащ, операцэ сыщащыну махуэм сыпэпльэу.

- Сэри уэ пэуэдэу мыбы тхъэмахуэ и пэкIэ сыкьашауэ щытащ, - жеIэ палатэм операцэ ящIауэ щIэль щIалэм, сызэрыгъэзавэм гу льитауэ.

- АтIэ дауэ хьуа? - соупщI сытемыпIэжу.

- Пльагъуркъэ зэрыхъуэр, Іэкъэ сыкьрашэжьыу щытати, ирджы гъусэ симыIэу унэм сыкIуэжьафнуу, - мэгуфIэ ар.

Къэсэщ операцэ сыщащыну махуэр. Операцэ щащI стIолым сытрагъэгъуэльъкъащ, си нэм мастэ кьызэрыхаIнур сщIэрти, быдзу зыскъуащ, зэрыуэнуным зыхуэгъэгъуэзэрыр. АрщхьэкIэ узыр зыхъэщIэркъым. АфIэунэ щабгу си нэм кьытеIэбэри жиIащ:

- Хьэмыскъэ уэ, Мухьэмэд, Тхъэм жиIэмэ, уи нэхэм дуней нэхур яльагъуу дгъэхъужынкъэ. Узмэ, занщIэу жьакIэ.

Анатолэ и псалъэм си гуръэ нэхэри щагъэбащIащ. Куэд дэмыкIыу зыхэсщIэу си Іэпкьльэпкъ псом хуабагъ гуэр кьыхьхьат. Ауэ нэхъ гъащIэгъуэныжькIэр щыхьэхэщIар нэхъ нужьыIуэкIэщ - зэман куэд щIауэ си нэхэр щызыгъэнкIыфIыкI щхьэ узыр, Іэкъэ страхам хуэдэу, зэуэ бззхат.

Тхъэмахуэ дэкIауэ АфIэунэм и деж сашащ.

- Дауэ ущыт, Мухьэмэд? - кьызоупщI Анатолэ. - Кьэтыысыт иджы мы нэхумкIэ, дегъэпльат уи нэхэм.

Аппарат гуэрым сыбгъэдгъэтIысхьэ, си натIэм кIэрыгъэпщIа бинт тIэкIур еIэтри, зыбжанэрэ кьызоупIэ.

- Псори тэмэмщ, - жеIэ сыкьызоупщI.

Щхьэгъубжэм сыIуешэри бинтыр Іуех.

- Пльэт мо жыгхэмкIэ, - кьызжеIэ абы.

- Уо-у-у, ди Тхъэ, сыт мы сльагъур, пэж хьэмэрэ пщыIэхьэпIэ, - сыкьыхокIиикI зысхуэмыIыгъажу...

Анатолэ зэрыплажьэ и льэсщ щ нькьыуэм кьриубыдэу сыт хуэдизу щыху абы сэ схуэдэу дуней дахэм я нэм щызу хиГъэпльэжар?!

... Дохутыр нэсым и щапхъэщ АфIэунэр. Абы и дэтхэнэ зы сымаджэмми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуэгъэуту, псалъэ гуапэкIэ и гур кьызэрригъэгъуэтыжу апхуэдэщ. «Узым гугъэдзыхэ щыхум и гущыIэгъэуцIыхуэ щыгъэнынгъэр кьыщIэгъэщхьэщIыжынщ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, гуГъэ зэптыжа щыхурщ узэрэбзэар сэбэп зыхуэхъур», - жеIэ Анатолэ.

АфIэунэр лэжьыгъэм щыпэрыцэ махуэрэ кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувжкар и Іэщагъэм, щIэныгъэм хэгъэхьэунырщ, ахэр и Іэнатіэм кьыщигъэщIэгъэ Іэнатіэ щыщигъэсэбэпкIэрэ, зэрыхуэгъэфIэкIэ, щыхуэм зэрыкьыныр.

Сымаджэщым и лэжьакIуэхэм ящыщ зым АфIэунэм щхьэкIэ кьызжиIащ: «Анатолэ гукIэ кьопсалъэ, псэкIэ кьоIэзэ, Іэпэкlэ уегъэхъужи». Сэ жысIэну сызыхуэгъэ псори абы я псалъэ зыгIущымкIэ кьиуэтащ.

Фатимэ Бахъсэн кьалэм фIыуэ ирикIуэжащ. Пса хьалэм зиIэ, сымаджэхэм щхьэкIэ зи кьару емыблэж дохутыр гумызагъэуц ар псоми кьызэращIэр. Щэрданым и Іащагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и закъуэкьым и щIэр зыгъэIуар, атIэ ар икIи щыху гуапэр, хабзэ зыщIэ, нэмыс зыхэпсЫ бзыльыгъэщ. И Іуэху зехьэкIэ дахэмрэ и щыху хэтыкIэ екIумкIэ абы и лэжьэгъуэм я пщIэри кьыдэжащ.

- ФатIимэ техуэхуэу сэ фы фIэкIа схуэжьIэнукъым, - жеIэ лолитикэмкIэ №1-м и унафэщI Щэджнэ Мухьэмэд Хьацацэ. - Ар зи Іащагъэр фIыуэ зыпльагъу, абы хьарзынэу хэзыщIыкI дохутырщ. Абы и щыхьэгъэ и дж кьекIуэлIа сымаджэхэм кьыхуэжаIэ щытхъуэхэр, и лэжьэгъуэм пщIэ кьыхуащIу, фIыуэ кьалъагъуэ зэрыщIыр.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

БАХЪСЭНОКЪУЭ Мурэд.

Сымаджэр къыпхуэзарэзымэ

Бахъсэн кьалэ дэт поликлиникэ №1-м ильэс куэд хъуауэ щолажьэ Щэрдан ФатIимэ. Абы и дэтхэнэ махуэри Іуэхуфl кIэ гъэнщIащ, узым кьыжиГъэзыхьу си щхьэ кьызжьэпIэ псоми зэрыкъукIэ сэбэп яхуохъу.

ЗЫ МАХУЭ гуэрым поликлиникэм тхьэкIумэм щIэзэ и пэшым и бжэм дэс сыщIэсу, зы бзылъыгъэ кьыIуахьащ, школакIуэ ныбжьым и щхьэгъэ щыкIу и гъусэу. А сабийр узым апхуэдизкIэ кьыхихэщIати, уигу щIэмыгъэнкIэ Іэмал иIэтэхьым: щэIуртэ, кIэзызырт, пщIэнтIат, кьыпIэгъыкIырт. Чэзум ежьэу бжэм деж щытхэм щIыхубзыр уэрт ящIри, сабийр занщIэу дохутырым деж щIрагъэшащ.

- Уэсым зи псэм гуэзвэгъуэр къытрильъэ сабийр зэрилъагъуэ, ФатIимэ къыпежьащ:

- Умыгуэавэ, си хьыджэбз щыкIу, иджыпсту узыр дгъэувыIэнщи, угуфIэжу ущIэзгъэкIыжьынкъэ, - жиIэурэ ар щэнтым тригъэтIысхьащ икIи сабийр кьызэпилъыхьащ.

Адэкъ медсэстра Нэхущ Эмма хъыджэбз щыкIур ногъуэщI пщынэм щIишэри, дохутырым кьыжриIахэр псори ирихьэлIащ. Тэлай дэкIауэ, сабийр гуфIэжу и анэм бгъэдэлъэдащ: «Уэ-Іащ узыр, мамэ», - жиIри.

Си сабийм и нэгум дэрэжьагъуэ изыльэгъуэжа анэм дохутырхэм фIыщIэ ирилъащ икIи гуапэу екъуэхъури щIэкIыжьахэщ. Мис апхуэдэу ирехьэкI Щэрданым лэжьапIэм щигъакIуэ сыкьэтхэр.

Щэрдан ФатIимэ Къабардей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетыр кьызэрихьэу мы поликлиникэм щолажьэ. Абы льандэрэ илъэс 36-рэ дэкIащ. Щыху кудым сэбэп яхуохъуащ ар, щэч хэмылъри, гуапэу абыхэм ягу кьихэщ.

Фатимэ Бахъсэн кьалэм фIыуэ ирикIуэжащ. Пса хьалэм зиIэ, сымаджэхэм щхьэкIэ зи кьару емыблэж дохутыр гумызагъэуц ар псоми кьызэращIэр. Щэрданым и Іащагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и закъуэкьым и щIэр зыгъэIуар, атIэ ар икIи щыху гуапэр, хабзэ зыщIэ, нэмыс зыхэпсЫ бзыльыгъэщ. И Іуэху зехьэкIэ дахэмрэ и щыху хэтыкIэ екIумкIэ абы и лэжьэгъуэм я пщIэри кьыдэжащ.

- ФатIимэ техуэхуэу сэ фы фIэкIа схуэжьIэнукъым, - жеIэ лолитикэмкIэ №1-м и унафэщI Щэджнэ Мухьэмэд Хьацацэ. - Ар зи Іащагъэр фIыуэ зыпльагъу, абы хьарзынэу хэзыщIыкI дохутырщ. Абы и щыхьэгъэ и дж кьекIуэлIа сымаджэхэм кьыхуэжаIэ щытхъуэхэр, и лэжьэгъуэм пщIэ кьыхуащIу, фIыуэ кьалъагъуэ зэрыщIыр.

БАХЪСЭНОКЪУЭ Мурэд.

Мэлыжьыхьым екIуэкIыну зэIуцIэхэр

● Футбол

ПРЕМЬЕР ЛИГЭ

Мэлыжьыхьым и 7, щэбэт

ЦСКА (Мэскуу) - «Анжи» (Мэхъачкъалэ)
«Амкар» (Перм) - «Ростов» (Дон Іус Ростов)
«Локомотив» (Мэскуу) - «Зенит» (Санкт-Петербург)
«Динамо» (Мэскуу) - «Рубин» (Къэзань)

Мэлыжьыхьым и 8, тхъэмахуэ

«Краснодар» (Краснодар) - «Томь» (Томск)
«Спартак» (Мэскуу) - «Кубань» (Краснодар)

УФ-М И КУБОК

Финалым и 1/2-нэ Іыхьэ

Мэлыжьыхьым и 11, бэрэжьей

«Рубин» - «Ростов»
«Динамо» - «Волга»

ЩэщIрэ ебгъуанэ джэгугъуэ

Мэлыжьыхьым и 14, щэбэт

«Зенит» - ЦСКА
«Крылья Советов» - «Амкар»
«Томь» - «Тэрч»
«Кубань»

ЛОХВИЦКИЙ Михаил (Аджыкъу Джэрий)

Уафэгъуагъуэ макъ

Повестым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №№31, 58, 59-хэм итщ).

- Дауи щетри, иужькIэ укъэсцIыхужакъэ?

Абы арэзы техуэу, Аджыкъу и щхьэр ищIащ.

- БжесIэнурацI... Ди лъэпкъыр Кърым лъэныкъуэкIэ кIыкIуэцIрыкIащ. Куэд щIащ абы льандэрэ. Гъэгу тетур ешмэ, етIысэхыуэр жылагъуэхэр яухуэрт. Згъэу тетур ешмэ, етIысэхыуэр жылагъуэхэр яухуэрт. Згъэу тетур ешмэ, етIысэхыуэр жылагъуэхэр яухуэрт щетIысхьэрэ.

- С-с-с-с! - кIыдэIукIащ кIуэм дрегъэдэжьыр.

Куэд щIащ абыхэм я макъ зэрыдзэхэхэрэ щIыкIыжьыхьыжрэ. Псым сысэпрыкIри, мэзым сыщIыхьащ. Мэзышъи и мэр си Iум хьуащ. Мэзым сыхэтрэ хуейм сихьащ.

